

Trikomonaz

Trikomonaz se yon enfeksyon parazit ki pwopaje nan fè bagay nan vaje.

Sentòm yo

Pifò moun ki gen trikomonaz pa gen okenn sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo, ekoulman vaje gri oswa jòn-vèt, oswa demanjezon oswa iritasyon nan ak alantou vaje an.



Trikomonaz



Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche pwopagasyon trikomonaz. Gen plizyè patnè ogmante risk ou pou pran ak pwopaje enfeksyon moun pran nan fè bagay yo (sexually transmitted infections, STIs), ki gen ladan trikomonaz.

Tès

Pwofesyonèl swen sante ou pral itilize yon prelevman vajan pou teste yon echantiyon likid.

Tretman

Trichomonaz kapab geri ak grenn. Tretman konplè a nesèsè pou trete enfeksyon an, kidonk li enpòtan pou pran tout medikaman an, menm si ou santi ou pi byen. Ou ta dwe reteste apre twa (3) a kat (4) mwa pou asire w ke enfeksyon an trete.

Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Lè w gen trikomonaz, li plis fasil pou pran oswa transmèt VIH.

Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan de (2) dènye mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete.

Trikomonaz ak Gwosès

Trikomonaz ka lakòz akouchman prematire ak pwa ki ba pou tibebe ki fenk fèt.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite nyc.gov/health/clinics.